

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Budaya jeung manusa mangrupa dua éntitas anu raket tur teu bisa dipisahkeun. Ari kituna mah lantaran budaya téh mangrupa produk tina hirup kumbuhna manusa. Hal éta luyu sakumaha anu ditétélakeun ku Koentjaraningrat (2009, kc. 72-73) yén kabudayaan téh nyaéta sistem gagasan, rasa, jeung paripolah sarta hasil karya manusa dina kahirupan masarakat nu dipiboga ngaliwatan prosés diajar. Élmu budaya anu dicangking tina kahirupan manusa, sanggeus ngajanggélék jadi hal anu disebut “budaya”, milu mangaruhan ogé kana kahirupan manusa. Danadibrata (2015, kc. 108) nétélakeun yén harti budaya mangrupa ringkesan tina dua kecap “budi” jeung “daya” anu hartina usaha, tanaga, karep, pikiran jeung parasaan jelema guna nambahán kasenangan jeung kani’matan jelema ku rupa-rupa akal jelema.

Dina tujuh unsur sacara *universal* kabudayaan, aya salasahiji unsur anu fungsina pikeun ngahibur ogé tur sok dipintonkeun di lingkungan masarakat, nyaéta kasenian. Rohidi (2000, kc. 11) nétélakeun yén kasenian mangrupa unsur *integrative* anu ngabeungkeut tur ngahijikeun padoman anu béda pikeun jadi hiji rarancang anu buleud, sarta bisa ditarima salaku hiji hal anu ajén. Éta hal téh měh sawirahma jeung pamadegan Koentjaraningrat (2015, kc. 256) nétélakeun yén kasenian mangrupa ciptaan tina sagala pikiran jeung paripolah manusa nu fungsional, éstétis, jeung éndah, nepi ka bisa dirasakeun ku panca indera. Diwewegan ku pertélaan Liliweri (2014, kc. 354) nétélakeun yén kasenian mangrupa a) produk atawa aturan sora, warna, wujud, gerakan, atawa unsur-unsur lianna pikeun nyangking pangaruh rasa kaéndahan, kaéndahan dicangking ngaliwatan média grafis atawa pintonan, b) seni mangrupa studi ngeunaan aktivitas, c) produk tina hiji kagiatan mangrupa karya-karya anu dianggap éndah ku hiji jalma atawa kelompok masarakat. Hartina, kasenian teu bisa dipisahkeun jeung kahirupan masarakat sarta fungsina anu pikeun ngaékspréiskeun ideu-ideu jeung gagasan dina diri manusa. Komo deui, lamun éta kasenian jadi ciri has hiji daerah atawa kelompok masarakat anu tangtu.

Ari Kabudayaan téh sifatna dinamis, hartina ieu kabudayaan téh terus ngalaman parobahan sarta pangwanganan nuturkeun jaman. Kasenian ogé mangrupa kabudayaan anu masih kénéh dimumulé nepi ka kiwari. Kasenian minangka naon waé anu jadi seni pikeun jalma, sedengkeun seni nyaéta kakuatan atawa kamampuh jelema pikeun nyiptakeun kaéndahan sarta kaweruh (Danadibrata, 2015, kc. 629).

Luyu jeung kamekaran katut hirup-huripna, unggal daerah di Indonésia mibanda kasenian tradisional. Nurutkeun hasil pendataan Dinas Pariwisata jeung Kabudayaan Provinsi Jawa Barat anu disusun ku Atmadibrata (1989) ngébréhkeun yén Jawa Barat ngabogaan kasenian tradisional téh kacatet kurang leuwih aya 243 jenis kasenian anu dibagi jadi 18 rumpun. Lian ti éta, Dinas Pariwisata jeung Kabudayaan Jawa Barat (2022) nyébutkeun yén jumlah kasenian Jawa Barat aya 973 jenis kasenian. Rupa-rupa kasenian nu nyampak di Tatar Sunda kayaning: kacapi suling, réog, kuda rénggong, bénjang, jaipong, bajidor, penca silat, kliningan, karinding, terebang, calung, jrrd. Tina jumlah sakitu, 40 kasenian di Jawa Barat dianggap geus pareum lantaran inohong-inohong kasenianana geus maot, jeung kasilih ku kasenian kontémporér (Pertiwi, 2016, kc. 2).

Tatar Sunda euyeub ku rupa-rupa kabudayaan, boh dina wangu lisan atawa tulisan nu mekar ti jaman baheula. Salasahiji wandana anu masih kénéh aya nepi kiwari nyaéta Seni Bénjang, ieu kasenian Bénjang téh minangka ciri has wewengkon Ujungberung. Nurutkeun Dewi (2015, kc. 2) Ujungberung mangrupa pusat pamekaran seni tradisi di Kota Bandung anu ngabogaan kabeungharan budaya jeung ragam jenis kasenian. Hal ieu kabuktian ku peran masarakat jeung palaku seni di Ujungberung, anu paduli pisan ngalestarikeun seni utamana Seni Bénjang. Kecap bénjang asalna tina kecap “ambén” jeung “bujang”. Kecap “ambén” tina bahasa Jawa anu hartina balé dijieun tina awi, kecap “bujang” hartina nyaéta budak ngora lalaki, jadi bénjang téh mangrupa kaulinan bujang dina wangu bélá diri, nu dilakukeun dina ambén atawa balé (Widjaya, 2006, kc. 19).

Seni Bénjang mangrupa kasenian asli daerah Ujungberung mangrupa substansi tina seni pertunjukan daerah Ujungberung anu miboga hak hirup jeung hak kamekaran pikeun kahontalna program pangwanganan nasional, utamana program

kamekaran kahirupan budaya. Nurutkeun Widjaya (2006, kc. 5) sacara umum Seni Bénjang dibagi tilu wanda nyaéta Bénjang Helaran (seni arak-arakan), Topéng Bénjang (seni tari), jeung Bénjang gelut/gulat (seni béladiri).

Kadieunakeun Seni Bénjang ngalaman parobahan fungsi. Masarakat lain ngan saukur ngajadikeun bénjang minangka seni béra diri, tapi geus diwuwuhan ku hal-hal anu sipayna hiburan. Seni Bénjang nu kapanggih kiwari diwangun ku tilu pintonan, nyaéta wangun seni arak-arakan pikeun ngarak budak sunatan, anu nyoko kana budaya Islam. Topéng Bénjang mangrupa tari topéng anu dipagelarkeun sabada pintonan bénjang arak-arakan. Bénjang Gelut nyaéta seni béra diri anu mirip gulat yudo atawa pencak silat.

Nurutkeun Dadang (dina Dewi, 2015, kc. 4) nétélakeun dina taun 2011 dilaksanakeun kagiatan prosés ngawariskeun kasenian Topéng Bénjang anu geus dilaksanankeun di Ujungberung. Prosés warisan ieu mangrupa léngkah awal dina ngamumulé kasenian Topéng Bénjang minangka pikeun ngalestarikeun jeung mekarkeun kasenian budaya daerah. Sajalan jeung tujuan tina warisan nyaéta pikeun neruskeun kabudayaan anu geus dipiboga ku hiji kelompok ka generasi satulunya supaya henteu pareumeun obor atawa kalindih ku jaman.

Topéng Bénjang mangrupa seni tari topéng anu dipintonkeunana di ahir pintonan bénjang hélaran, topéng bénjang ieu dipaénkeun ku hiji penari anu mintonkeun sababaraha peran sakaligus di antarana peran satria, rahwana, putri, jeung emban, parobahan karakter nyirikeun ku gantina topéng nu dipaké ku penari, asup kana adegan bobodoran, topéng bénjang bakal robah jadi seni téater anu miboga sarat pesan moral jang nu nonton.

Dina Topéng Bénjang ngandung ajén éstétika. Éstétika mangrupa salasahiji cabang filsafat anu niténan atawa aya hubunganana jeung sagala hal ngeunaan kaéndahan alam jeung seni (Kartika jeung Perwira, 2004, kc, 5).

Sakumaha anu geus didadarkeun di luhur, dina kasenian Topéng Bénjang nyangkaruk ajén-inajén anu bisa dijadikeun papagon hirup, saperti ajén moral, sosial, budaya, agama, jeung éstétika. Kasénian Topéng Bénjang dirojong ku sababaraha unsur seni, nyaéta seni musik, seni tari, seni rupa, jeung seni sastra, anu

gumulung jadi karya seni tradisional anu teu leupas tina ajén-inajén kasundaan anu némbongkeun kaéndahan (éstétika).

Nurutkeun Sumardjo (2000, kc, 33) éstétika nyaéta palasipah ngeunaan kaéndahan anu aya di alam jeung dina rupa-rupa barang seni hasil karya manusia. Kattsof (dina Kartika jeung Perwira, 2004, kc, 9) nétélakeun yén éstétika mangrupa cabang palasipah anu aya patalina jeung watesan rakitan (*structure*) jeung rasa (*role*) tina kaéndahan, hususna dina seni. Ku kituna kasenian Topéng Bénjang kaasup kana salahiji kaéndahan seni, anu nyampak dina ieu kasenian Topéng Bénjang di antarana dina waditra, lagu nu mirigna, kostum pamaén, tari, jeung lalakon nu dipintonkeun.

Loba ajén-inajén anu bisa diconto tina kasenian tradisional atawa daerah, contona Topéng Bénjang, tapi alatan robahna jaman kana jaman globalisasi mangaruhan kana mekarna kasenian tradisional. Kasenian tradisional nu aya di Indonesia umumna geus kalindih ku budaya deungeun. Ieu hal téh dilantarankeun ku mekarna téhnologi jeung alat komunikasi saperti, komputer, internet, *handphone*, nu geus ngarobah pola pikir jeung kahayang barudak ngorana kana kasenian tradisional. Ku kituna perlu aya tarékah pikeun ngawanohkeun, ngadokuméntasikeun, ngamumulé, ngaraksa, jeung ngariksa kasenian kabudayaan Sunda.

Panalungtikan saméméhna dina wanda ajén éstétika geus sababaraha kali dilakukeun. Di antarana: “*Ajén Éstétika dina Kasenian Réog Cengal di Kecamatan Japara Kabupatén Kuningan pikeun Bahan Maca Bahasan Maca di SMP Kelas IX*” (ku Aliyanti 2014); “*Ajén Éstétika Kasenian Gembyung di Kabupatén Subang pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII*” (ku Ropiah (2013); “*Ajén Éstétika dina Kasenian Topéng Banjét “Pendul” di Désa Lemahdulur Kecamatan Tempuran Kabupatén Karawang pikeun Bahan Pangajaran Bahasan Budaya di SMA Kelas XI*” (ku Arief 2015); “*Ajén Seni dina Kasenian Bénjang Paguron Seni Bénjang Lingga Buana Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII*” (ku Pertiwi 2016); “*Ajén Éstétika dina Kasenian Ibing Jaipong di Padépokan Sekar Panggung Désa Pasanggrahan Kacamatan Ujung Berung Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Di SMP Kelas VIII*” (ku Silviana 2018); jeung “*Ajén Éstétika*

dina Tari Umbul Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di Kelas XII SMA” (ku Nuralami 2023).

Ieu panalungtikan téh miboga sasaruaan jeung bbédaan saupama dibandingkeun kana panalungtikan saméméhna. Sasaruaanana lebah ulikan ajén éstétika anu digunakeun tiori utama nalika panalungtikan. Anapon bédana ieu panalungtikan téh nyaéta palebah objék anu ditalungtikna.

Dumasar kana pedaran di luhur, kapentingan ieu panalungtikan dilakukeun téh nyaéta minangka solusi kana rupaning masalah anu karandapan. Ku kituna nu nalungtik ngarasa perlu pikeun nalungtik ieu masalah dina wangan skripsi anu ngajudul “Ajén Éstética Topéng Bénjang di Sanggar Réngkak Katineung Kecamatan Ujungberung”

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan anu di ébréhkeun di luhur tééla jembar pisan ajén-inajén anu bisa ditalungtik dina Topéng Bénjang, boh tina palasipah, budaya, moral, sosial, boh éstétikana. Sangkan leuwih museur, ieu panalungtikan diwatesanan, nyaéta muser kana prak-prakan Topéng Bénjang, unsur-unsur seni, jeung ajén éstétika anu nyangkaruk dina Topéng Bénjang anu aya di Sanggar Réngkak Katineung Kecamatan Ujungberung.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, sangkan leuwih jéntré, anu baris diguar dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangan pananya dihandap.

- 1) Kumaha prak-prakan Topéng Bénjang di Sanggar Réngkak Katineung Kecamatan Ujungberung ?
- 2) Unsur-unsur seni naon waé nu nyampak dina Topéng Bénjang di Sanggar Réngkak Katineung Kecamatan Ujungberung ?
- 3) Ajén éstética naon waé anu aya dina Topéng Bénjang di Sanggar Réngkak Katineung Kecamatan Ujungberung ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Sabada medar ngeunaan kasang tukang, idéntifikasi, sarta rumusan masalah, tujuan dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung anu geus dipedar saacana, sacara umum ieu panalungtikan téh dina enas-enasna mah boga udagan pikeun ngajembaran kaweruh dina mikanyaho kasenian. Leuwih jauhna mah nyaéta dina raraga invéntarisasi sangkan rupaning kabeungharan budaya hususna di Tatar Sunda dina wanda kasenian saperti Bénjang tetep lana.

1.3.2 Tujuan Husus

Satulunya pikeun museurkeun deui rupaning hal dina ulikan ajén éstétika topéng bénjang, diheureutkeun dina tujuan husus, ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeyun:

- 1) prak-prakan Topéng Bénjang di Sanggar Réngkak Katineung Kecamatan Ujungberung;
- 2) unsur-unsur seni nu nyampak dina Topéng Bénjang di Sanggar Réngkak Katineung Kecamatan Ujungberung; sarta
- 3) ajén éstétika nu nyangkaruk dina Topéng Bénjang di Réngkak Katineung Kecamatan Ujungberung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Lian ti miboga tujuan, ieu panalungtikan ogé mibanda mangpaat anu ngawengku mangapaat tioritis, mangpaat praktis, mangpaat tina isu sosial, sarta mangpaat sacara kawijakan.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nyaéta nambahán kabeungharan panalungtikan budaya. Hasil tina ieu panalungtikan bisa kapaluruh ngeunaan ajén éstétika dina Topéng Bénjang.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, mangpaat nu bisa kacangking tina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) pikeun panalungtik, bisa ngajembankeun élmu pangaweruh tina paélmuan nu digarap, miboga data hasil panalungtikan ngeunaan ajén éstetika nu aya dina topéng bénjang, sangkan kahareupna bisa ditalungtik leuwih jero;
- 2) pikeun masarakat, nambahán pangaweruh ngeunaan kabeungharan jeung ulikan ajén-inajén dina budaya nu aya di Tatar Sunda; jeung
- 3) pikeun mahasiswa, jadi bahan pustaka dina panalungtikan jeung bahan pangajaran kahareupna.

1.4.3 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaat isu sosial tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran jeung pangaweruh pikeun masarakat utamana ngeunaan kasenian bénjang jeung ajén éstétika dina topéng bénjang. Satulunya dipiharep bisa jadi kairut atawa cukang lantaran masarakat sadar kana karinékaan jeung kabeungharan budayana.

1.4.4 Mangpaat Kawijakan

Mangpaat sacara kawijakan dina ieu panalungtikan téh bisa jadi bahan tinimbangan pikeun Dinas Pariwisata jeung Kabudayaan, sangkan ieu hasil panalungtikan dijadikeun bahan bacaan pikeun balaréa dina hal mikaweruh ajén éstétika dina kasenian bénjang. Perda Provinsi Jawa Barat nomor 15 taun 2014 ngeunaan pelestarian kasenian.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I minangka bubuka ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu diwincik deui jadi tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu diwincik deui jadi mangpaat sacara tioritis, sacara praktis, sacara isu jeung aksi sosial, ogé sacara kawijakan, pamungkas dijembankeun ngeunaan raraga atawa sistematika tulisan.

Bab II ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Tiori dipertélakeun ti mimiti budaya, kasenian, ajén éstetika, topéng. Komparasi ogé dilakukeun pikeun analisa bédana jeung panalungtikan saacana. Pamungkas, raraga mikir sacara konséptual digambarkeun dina wangun peta konsép.

Bab III métode panalungtikan, eusina nyaéta desain panalungtikan, sumber data panalungtikan nu ngawengku lokasi panalungtikan, narasumber, jeung waktu panalungtikan, satulunya nyaéta téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV hasil panalungtikan anu dijerona kayaning hasil turta pedaran kumaha prak-prakan dina topéng bénjang, unsur-unsur seni nu aya ditopéng bénjang, ajén éstética naon waé nu aya ditopéng bénjang.

Bab V kacindekan anu ngawengku kacindekan panalungtikan, saran, implikasi, jeung rékoméndasi.